



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**ANFONKSYON CHIF YO: NAN DAT LIMIT MEZON BLANCH LAN POU TARIF LA,
GOUVÈNÈ HOCHUL SOULIYE ENPAK NEGATIF LAGÈ KOMÈSYAL TRUMP LA
SOU BOUS NOUYÒKÈ YO**

***Nan dat limit tarif 7 out la, Trump sipèvize ogmantasyon pri sou pwodui esansyèl
chak jou yo***

***Konsomatè yo ak biznis yo pral depanse 33 milya dola anplis pou kouvri depans
yo***

***Odinatè ak aparèy elektwonik yo monte plis pase 18%; rad ak akseswa yo monte
plis pase 37%***

Gouvènè Hochul pibliye jodi a nouvo done sou enpak lagè komèsyal Prezidan Trump la ap genyen sou bous Nouyòkè yo. Nan dat limit tarif 7 out la, Trump ap sipèvize ogmantasyon pri istorik sou pwodui esansyèl chak jou yo, sa ki fòse fanmi yo depanse anviwon 4,200 dola nan taks federal anplis — tout sa nan yon kontèks kriz abòdablite nasyonal.

"Pandan Trump ap sonnen dat limit tarif 7 out li a, Nouyòkè òdinè yo konnen jodi a pa gen okenn rezon pou selebre. Konsomatè yo ap sibi pi gwo konsekans lagè komèsyal san reflechi epi ki koute chè li a, k ap souse bous fanmi yo soti nan seksyon pwodui yo pou rive nan reyon rantre lekòl la." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan Nouyòk, kou lavi a twò wo epi m ap fè tout sa m kapab pou m mete lajan nan pòch nou. Olye pou yo travay avèk nou, tarif Prezidan Trump yo ap sèlman pwovoke plis dezòd ak ensètitud fiskal."

Men ak sa Nouyòkè yo ap fè fas:

- Eta Nouyòk te enpòte machandiz pou 160 milya dola an 2024. Kounye a, konsomatè yo ap fè fas ak yon **nouvo to tarif anvigè anviwon 21 pousan** sou pifò nan machandiz enpòte sa yo, dapre kalkil DOB yo.
- Konsomatè yo ak biznis yo ta bezwen peye prèske **33 milya dola an taks sou enpòtasyon anplis** pou yo kontinye achte menm kantite machandiz etranje yo

ak to tarif yo te anonse apati 30 jiyè a. Sa **prèske 4,200 dola anplis nan taks federal pou chak kay** nan Nouyòk.

- Nouyòk te enpòte pwodui òdinatè ak elektwonik pou yon valè 12.5 milya dola ane pase. Yon etid inivèsite Yale la fè prevwa ke pri **pwodui sa yo pral monte plis pase 18 pousan** akòz tarif yo.
- Nouyòk te enpòte rad ak akseswa pou 10.8 milya dola ane pase. Menm etid la prevwa **pri atik chak jou pral monte plis pase 37 pousan** tankou soulye ak rad, ki pwodui sitou deyò Etazini.

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare, "Depi lè nou te pran Majorite a, angajman nou anvè pèp la te san fay. Nou te goumen avèk siksè pou pi ba to taks pou klas mwayèn nan depi plis pase 70 ane, nou te defann ti biznis nou yo, nou te ogmante salè minimòm nan, nou te finanse lekòl nou yo nèt, epi nou te fè gwo pwogrè pou diminye pri edikasyon siperyè ak gadri. Sepandan, nivo mekanste gouvènman federal la ap enpoze a vrèman alamant. Pandan nou te travay san pran souf pou fè Nouyòk pi abòdab, tarif san reflechi administrasyon Trump la te mete an plas yo te sabote pwogrè nou an. Li lè pou Repibliken Nouyòk yo pran angajman epi defann eta nou an tout bon vre. Okontrè, yo kontinye aliyen tèt yo ak ajanda ekonomik dezastre Trump la, sa ki kite fanmi k ap travay di nan Nouyòk yo ap pote fado yo pandan y ap retire sèvis vital yo."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Tarif Prezidan Trump yo ap ogmante depans yo epi fòse Nouyòkè yo sèvi ak plis resous finansye. Pwopriyetè ti biznis nan Nouyòk yo ap pran yon gwo kou tou ak pri envantè ki monte anpil. Mwen pare pou m travay avèk kòlèg mwen yo nan Majorite Sena a ak Gouvènè Hochul pou nou fè sa nou kapab nan nivo eta a pou soulaje difikilte ekonomik rezidan Nouyòk yo ki koze pa tarif yo."

Senatè Eta a, Sean M. Ryan, te deklare, "Ekonomis yo ak fonksyonè eli rasyonèl yo t ap avèti pandan plizyè mwa ke konsomatè ameriken yo pral sibi pi gwo konsekans lagè komèsyal Donald Trump yo. Nou te pase yon bidjè eta ane sa a ki diminye pri lavi pou yon Nouyòkè òdinè, men tarif Trump yo ap ogmante pri isit la nan Nouyòk ak nan tout peyi a. Li lè pou gouvènman federal la bay pèp Ameriken an priyorite lè li abandone politik komèsyal etranje sa a ki pa gen vizyon epi ki kawotik, epi pito li travay pou bay tout Ameriken establite fiskal ak abòdabilite finansye."

Manm Asanble, Andrew Hevesi, te deklare, "Avèk chak devlopman politik, Prezidan an ap rann lavi pi difisil anpil pou moun ak fanmi li te pwomèt pou l defann yo. Pase depans tarif yo sou Nouyòkè yo nan yon to 4,200 dola pa kay pa devlopman ekonomik, epi sa montre ki kote priyorite Prezidan an ye. Pa gen dout, Nouyòkè yo pral wè sa pou sa l ye a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)